QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«____»______________ 2021-y. № 01-02/1-3865 «30»-августа 2021-j.

**Qaraqalpaqstan Respublikası**
**Ministrler Keńesine**

**2021-jıl 17-avgusttaǵı 08-07/11-08/290-sanlı xatqa juwap:**

Ózbekstan Respublikası Oraylıq saylaw komissiyasınıń 2021-jıl 14-apreldegi «Ózbekstan Respublikası Prezidenti saylawına tayarlıq kóriw boyınsha Tiykarǵı ilajlar baǵdarlamasın tastıyıqlaw haqqında» ǵı 1064-sanlı qararı hám qosımshası menen baǵdarlamada berilgen tapsırmalardıń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde Karaqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrliginiń 2021-jıl 19-iyulda 170-sanlı buyrıǵı qabıl etilip, usı buyrıq tiykarında ministrlikte shtab quramı qáliplestirildi. Prezident saylawı boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikası xalıq bilimlendiriw ministrligi boysınıwındaǵı 533 bilimlendiriw mákemelerinde 538 saylaw uchastkaları dúzilip, olardan 392 bilimlendiriw mákemesinde jergilikli byudjet qárejetleri esabınan qurılıs-ońlaw jumısları alıp barıldı.

Saylaw uchastkalarınıń baslıǵı, orınbasarı hám xatkeriligine dawagerler ushın 3 basqıshlı oqıw-seminarlarında jergilikli hákimlikler tárepinen belgilep alınǵan xızmetkerler grafik tiykarında oqıp, saylaw máseleleri boyınsha óz bilimlerin jetilistirip bardı.

Orınlarda ótkerilgen oqıw-seminarlarında tıńlawshılarǵa aldımızdaǵı saylawdı áhmiyetligi hám saylaw nızamshılıqları, saylaw komissiyalarınıń wákillikleri, puqaralardıń saylaw procesinde qatnasıwı, saylaw uchastkalarında saylawshılar dizimin qáliplestiriw, puqaralardıń múddetinen aldın dawıs beriw tártipleri, saylaw kúni puqaralar tárepinen shańaraqlıq yaki birew ushın dawıs beriwge jol qoymaslıq máseleleri boyınsha keń túsinikler berildi. Sonday-aq, tıńlawshılarǵa 2017-2021-jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes áhmiyetli baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyası haqqında hám onıń orınlanıwı boyınsha seminar-treningler ótkizildi.

Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrliginde saylaw máseleleri boyınsha wákillikli shaxs sıpatında ministr orınbasarı Tadjimuratov Sharafatdin Davletbaevich(+998913013778) bekitilgen, sonday-aq saylaw máseleleri boyınsha shtab quramı xatkeri sıpatında ministrliktiń Ulıwma orta bilim beriw mektepleri jumısların muwapıqlastırıw bólimi bas qánigesi Daulbaev Muratbay Janabaevich(+998906523570) juwapker etip belgilengen.

**Ministr** **R.Reimov**

Orınlawshı: M.Daulbaev
Tel: 61 2222465